



Akademisyen Clotaire SAINT-NATUS

Prezantasyon

Powèt, ekriven, tradiktè, Clotaire Saint-Natus fèt 22 avril 1956 nan komin Anse d'Hainault, nan depatman Grandans Ayiti. Li fè etid primè li nan lekòl Sen Lwi (Jérémie) ak etid segondè li nan Kolèj Jean Price Mars (Port-au-Prince). Soti lane 1975 rive 1978, li pran yon lisans nan lèt modèn nan Ecole Normale Supérieure. Li suiv yon - anpil seminè soti 1982 rive 2010. Li fè yon eskolarite metriz nan Syans Sosyal, Université Quisqueya.

Piblikasyon

Piblikasyon Akademisyen Clotaire yo gen pou wè ak plizyè domèn : alfabetizasyon, literati, didaktik, elatriye.

- *Natif Natal, pwezi*
- *Moun, pwezi*
- *Mèt lawouze douvanjou (tradiksyon woman « Gouverneurs de la rosée Jacques Roumain an)*
- *Goute sèl yon degi, misyon alfa, 1995*
- *Egalego nasyonal nasyono, metòd Clotaire Saint-Natus, alfa deklarasyon inivèsèl dwa moun*

Angajman

Akademisyen an defann oswa fè pwomosyon lang kreyòl nan plizyè domèn, tankou:

- Kominikasyon
- Dwa timoun
- Sosyoloji
- Relijyon.

Fondasyon Maurice Sixto se enstitisyon kite pwopoze Clotaire SAINT-NATUS pou te vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen an.